

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar analisis data pangaruh média audio visual kana pangajaran ngaregepkeun dongéng siswa kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh siswa kelas eksperimén SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya nalika pratés ngan aya 4 urang atawa 13% anu dianggap geus mampuh ngaregepkeun dongéng, sésana 26 urang atawa 87% dianggap can mampuh ngaregepkeun dongéng. Sabada postés siswa anu dianggap mampu ngaregepkeun dongéng ningkat jadi 27 urang atawa 90%, sésana 3 urang atawa 10% dianggap can mampuh ngaregepkeun dongéng.
- 2) Kamampuh siswa kelas kontrol SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya nalika pratés ngan aya 8 urang atawa 26% anu dianggap geus mampuh ngaregepkeun dongéng, sésana 22 urang atawa 74% dianggap can mampuh ngaregepkeun dongéng. Sabada postés siswa anu dianggap mampu ngaregepkeun dongéng ningkat jadi 21 urang atawa 70%, sésana 9 urang atawa 30% dianggap can mampuh ngaregepkeun dongéng.
- 3) Kamampuh ngaregepkeun dongéng kelas eksperimén leuwih gedé dibanding kelas kontrol, katitén tina rata-rata bédana hasil pratés jeung postés anu gedéna 17,06 di kelas eksperimén jeung 10,00 di kelas kontrol.
- 4) Pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas eksperimén anu ngagunakeun média audio visual leuwih éfektif ti batan pangajaran anu teu ngagunakeun média audio visual di kelas kontrol. Katitén yén  $t_{itung}$  (eksperimen)  $16,09 > t_{tabé}$ l 2,45 sedengkeun  $t_{itung}$  (kontrol)  $8,00 > t_{tabé}$ l 2,45. Hartina hipotésis dina ieu panalungtikan ditarima, yén média audio visual éfektif pikeun pangajaran

**Mella lisyanti gustiar, 2013**  
**Media audio visual untuk meningkatkan**

**Kemampuan menyimak dongeng**

**(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)**

ngaregepkeun dongéng siswa kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya taun ajaran 2012/2013.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi di antarana:

- 1) Média audio visual cocog pikeun pangajaran ngaregepkeun dongéng, lantaran geus kabuktian bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya. Média audio visual ogé bisa dilarapkeun dina rupaning pangajaran ngaregepkeun saperti dongéng, kawih/tembang, warta, biantara, jeung sajabana.
- 2) Pikeun instansi (lembaga) pendidikan, kaasup sakola geus kuduna ngawajibkeun guru-guru pikeun parigel ngagunakeun média audio visual dina raraga ningkatkeun efektivitas pangajaran. Lian ti éta, média audio visual salaku alat bantu pangajaran kalawan ngaoptimalkeun kamekaran téhnologi hususna dina widang atikan.

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)